



**AVI PIBLIK POU OUVÈTI AK FÈMTI LIS DATANT LAN**  
**OTORITE LOJMAN HIALEAH YO PRAL AKSEPTE APLIKASYON POU PWOGRAM KOUPOUN CHWA**  
**LOJMAN SEKSYON 8 LA**

**Yo pral sèlman aksepte aplikasyon preyalab sou entènèt yo**

**Aplikasyon preliminè yo dwe ranpli sou entènèt apati Lendi 21 Jen 2021, a 8:30 a.m. epi pral fèmen a 11:59 p.m. nan Lendi 28 Jen 2021.**

Isit la genyen yon avi ke Otorite Lojman Hialeah yo (“HHA”) ap aksepte aplikasyon preyalab pou kupon lokatè yo atravè Pwogram Koupon Chwa Lojman (“HCV” oswa Seksyon 8”) la

1 moun	2 moun	3 moun	4 moun	5 moun	6 moun	7 moun	8 moun
\$31,650	\$36,200	\$40,700	\$45,200	\$48,850	\$52,450	\$56,050	\$59,700

**Limit Revni Anyèl pou patisipasyon nan pwogram nan**

*HHA pa fè diskriminasyon selon ras, sèks, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sitiyaasyon famiyal, andikap, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon transjan, laj oswa eta sivil*

Tout kandida yo dwe satisfè tout egzijans U.S. Department of Housing and Urban Development (Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini “HUD”) yo sou revni ak elijiblite pou kapab elijib pou plasman nan lis datant lan.

Aplikasyon yo pral disponib sou sit entènèt HHA a nan [www.hialeahhousing.org](http://www.hialeahhousing.org) nan dat **21 Jen 2021, a 8:30 a.m.**

Nan lendi 21 Jen 2021 an, HHA, avèk kolabrasyon Vil Hialeah, pral ede fanmi ki pa genyen aksè ak yon òdinatè pou ranpli yon aplikasyon preyalab nan John Kennedy Library ki sitiye nan 190 W 49 Street, Hialeah, FL apati 8:30 a.m. Enfòmasyon sa yo nesèsè pou soumèt aplikasyon preyalab la ak siksè: Tout non legal, nimewo sekirite sosyal, dat nesans, ak enfòmasyon sou revni pou tout moun nan fwaye a.

**Lè yon moun soumèt yon aplikasyon preyalab sa pa garanti plasman nan lis datant lan.** Akoz gwo nivo enterè nan pwogram kupon an, HHA pral itilize yon sistèm lotri pa chans pou seleksyone 2500 non nan tout aplikasyon preyalab ki te soumèt yo epi yo pral plase aplikasyon preyalab sa yo ki seleksyone a nan lis datant lan. Tan ak dat resepsyon aplikasyon preyalab la pandan louvèti lis datant lan pa genyen rapò ak si yon aplikasyon pral seleksyone oswa si li p ap seleksyone. Pa genyen okenn nesosite oswa avantaj pou aplike touswit aprè lis datant lan louvri. Sila yo ki fè sa kapab fè fas ak tan repons ki pi dousman nan sistèm sou entènèt la. Fanmi yo pral mansyone nan lis datant lan nan lòd ki detèmine pa seleksyon yo a nan lotri pa chans lan.

**YO PRAL SÈLMAN OTORIZE YON APLIKASYON POU CHAK FWAYE.** Fanmi ki soumèt plis pase yon sèl aplikasyon pral diskalifye. Aplikan ki fè fo deklarasyon pou kalifye pou yon preferans pral jwenn eliminasyon yo nan lis datant lan. Tanpri pa rele HHA a pou mizajou; ou ka verifye sitiyaasyon aplikasyon ou an pandan w ap vizite sit entènèt ki mansyone anwo a pou verifye si aplikasyon ou an te satisfè kritè pwogram nan. Se sèlman fanmi yo seleksyone ki pral resevwa notifikasyon de HHA a.

**Aranjman ki Rezonab**

Tanpri kontakte Leyda Halphen nan 786-257-3526 oswa pa imèl nan [HHARA@hialeahhousing.org](mailto:HHARA@hialeahhousing.org), si ou se yon moun ki genyen andikap epi ki mande yon aranjman rezonab pou aplike oswa si ou vle mande avi sa a nan yon fòm ki aksesib pou yon moun ki genyen yon andikap.

Si ou bezwen nenpòt lòt enfòmasyon anplis ou kapab vizite sit entènèt nou an nan [www.hialeahhousing.org](http://www.hialeahhousing.org) oswa rele nou nan (305) 888-9744.

**\*\* TANPRI KONNEN\*\***

**SE SÈLMAN NAN MOMAN SA A OU KA APLIKE. NOU P AP JANM MANDE NIMEWO KAT KREDI OSWA MANDE YON RAPÒ KREDI POU OU APLIKE. SÈL SIT ENTÈNÈT POU APLIKE SOU LI SE:**

<https://hialeahhousing.housingmanager.com/>

## Kesyon Moun Poze Souvan

### Ki kritè elijiblite ki genyen pou Pwogram Koupon Chwa Lojman (“HCV” oswa “Seksyon 8”)?

**Repons:** Elijiblite pou yon kupon lojman baze sou total revni anyèl brit ak kantite moun ki nan fanmi an epi li limite ak sitwayen Ameriken ak kategori presi pou moun ki pa sitwayen men ki genyen sityasyon imigrasyon ki elijib. An jeneral, revni fanmi an pa kapab depase 50% nan revni mwayen pou konte a oswa pou zòn metwopoliten an kote fanmi an chwazi viv la.

### Kilè mwen ka aplike?

**Repons:** Yon aplikasyon preyalab pral disponib lè lis datant lan louvri.

### Èske tout moun ka aplike pou kapab sou lis datant lan?

**Repons:** Wi. Tout moun genyen yon opòtinite egal pou aplike pou lojman. Omwen yon manm fanmi ki mansyone nan aplikasyon an dwe yon sitwayen Ameriken oswa imigran legal pou kapab elijib epi chèf fwaye a dwe genyen 18 lane ak plis pou aplike.

### Kijan mwen ka aplike pou Pwogram Seksyon 8 la?

**Repons:** Aplikasyon preyalab yo dwe soumèt sou entènèt nan <https://hialeahHousing.Housingmanager.com>. HHA a pral ede fanmi ki pa genyen aksè ak yon òdinatè, nan John F Kennedy Library 190 W 49<sup>th</sup> Street, Hialeah Florida 33012 nan jou louvèti a. Si ou bezwen aranjman ki rezonab pou aplike, tanpri kontakte Leyda Halphen nan (786) 257-3526 oswa pa imèl nan [hhara@hialeahhousing.org](mailto:hhara@hialeahhousing.org).

### Kijan mwen pral konnen kilè lis datant lan louvri?

**Repons:** Avi pou louvèti lis datant yo pral afiche nan <https://www.hialeahHousing.org>. Nou ankouraje w pou siveye sit entènèt nou an pou jwenn mizajou yo.

### Kijan m ap konnen si aplikasyon mwen an te reyisi?

**Repons:** Nan fen yon pwosesis soumisyon ki reyisi, ekran ou an pral montre yon nimewo konfimasyon. (Egzanp: A1234567)

### Konbyen kandida yo pral chwazi pou Lotri a?

**Repons:** 2,500 aplikasyon pral chwazi sou chans nan tout aplikasyon preyalab ki te soumèt ak siksè.

## **Kijan m ap konnen si yo te seleksyone m nan lotri a?**

**Repons:** Yo pral enfòmè tout kandida/fwaye ki seleksyone nan lotri a pa lapòs. Lè ou seleksyone nan lotri a sa pa vle di yo pral apwouve w pou jwenn asistans.

## **Kisa ki te ka fè m pa elijib pou Pwogram Seksyon 8 la?**

Men kèk rezon ki t ap fè w pa elijib pou patisipe nan pwogram nan:

### Pase Kriminèl:

HHA a verifye pase kriminèl tout kandida yo. Si li montre ke kandida yo gendwa pa yon lokatè ki apwopriye selon politik HHA a, aplikasyon yo a kapab refize. Yo otomatikman refize kandida yo pou sèten krim, ki genyen ladan:

- Fabrikasyon ak pwodiksyon Metanfetamin nan Lojman piblik oswa yon lòt kote
- Agresyon seksyèl ki mande anrejistreman agresè seksyèl

Byenke dosye kriminèl p ap otomatikman anpeche yo konsidere yon kandida, li se yon kritè enpòtan. Pandan detèminasyon elijiblite a, HHA pral konsidere dosye arestasyon yon kandida ak sikonstans pou rediksyon risk tankou reyabilitasyon ki fèt ak siksè.

### Sitiyasyon Imigrasyon:

Ou pa bezwen yon sitwayen Ameriken pou aplike pou lojman, men yon fanmi bezwen genyen omwen yon manm nan konpozisyon famiyal la ki se yon sitwayen Ameriken oswa genyen yon sitiyaasyon imigrasyon ki elijib pou resevwa asistans lojman selon regleman U.S. Department of Housing and Urban Development (Depatman Etazini pou Lojman ak Devlopman Iben "HUD").

### Dèt moun nan dwe yon Otorite Lojman Piblik:

Tout dèt nan HHA a oswa nenpòt otorite lojman piblik pral anpeche fwaye ki kandida a reyisi aplike jiskaske li peye tout dèt la.

### Yon ansyen anilasyon nan pwogram nan:

HHA a pral refize aplikasyon yo si yo te mete fen pou nenpòt manm nan fwaye a selon nenpòt pwogram Seksyon 8 nan senk (5) dènye senk lane yo.

### Pa rive bay enfòmasyon:

Fanmi an pa rive bay enfòmasyon ke HHA oswa HUD a detèmine ki nesèsè.

### Fo Enfòmasyon

Fanmi an pa bay enfòmasyon ki konplè ak enfòmasyon ki vrè.

## **Èske genyen nenpòt frè aplikasyon?**

**Repons:** Non. Pa janm genyen yon frè pou aplike. Tanpri pa bay okenn lajan oswa okenn enfòmasyon pèsònèl bay nenpòt òganizasyon ki kapab kontakte w.